ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№229 (23.637) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 29, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий и Унафэкіэ 2017 гъэм КъБР-м и бюджетым щыуБзыхуахэр къыззгъэпэщыным трагъэкІуэдэну сом мелуан 433-м щІигъу къыхуатІыщащ

А унафэр «2017 гъэмрэ 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа федеральнэ бюджетым теухуауэ» федеральнэ законым и 10-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ къащтащ.

Псори зэхэту къэралым и щыналъэхэм апхуэдэ Іуэхум къыхуагъэсобэпыну сом мелард 11-м щІигъу хухахащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ сату ІэнатІэмрэ я зэфІэкІым хэхъуэ зэпытщ

Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Іэнатіэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, республикэм и промышленностымрэ розницэ сатумрэ зауж зэпытщ.

2017 гъэм и щІышылэ - жэпуэгъуэ мазэхэм КъБР-м и промышленностым и зэфІэкІыр гъэ кІуэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 102,2-рэ мэхъу. Сырыем елэжь ІэнатІэм а бжыгъэр процент 102,6-м, щэкІэхэр зэІуэщІэ ІэнатІэм процент 270-м, хьэфэ, пластмассэ хьэпшыпхэр къыщІэзыгъэкІ ІэнатІэм процент 106,4-м, ерыскъыпхъэхэр зыщІ ІэнатІэм процент 104,5-м, щыгъынхэр зыгъэхьэзыр ІэнатІэм процент 110,2-м щынэсащ.

А зэман дыдэм розницэ сатум хьэпшыпрэ ерыскъыпхъэу сом мелард 99,2-рэ и уасэ щызэблагъэкІащ. БлэкІа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 100,4-рэ мэхъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● КъБР-м и Парламентым

2018 - 2020 гъэхэм я бюджетыр къащтэ

Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

ЗЭІУЩІЭМ зыщыхэплъахэм я нэхъыщхьэр - «Къэбэрдей-Балъкъэрым 2018 гъэм, 2019 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа и бюджетыр» Іуэхурат. Ар утыку къриІтхьащ КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэныр зыгъэзащІэ Бещтокъуэ Жыр-Аслъэн. Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм хэхъуэу сом мелард 27,3-рэ иІэнущ, сом мелард 27,1-р къигъэсэбэпыну хуеинущ.

- 2018 - 2020 гъэхэм республикэм и бюджетыр къыщыдбжьым, налогымкІэ щыІэ зэхъуэкІыныгъэхэри къэтІылъащ, - жиІащ Бещтокъуэм. - 2018 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм сом мелард 15,6-рэ, субсидиеу сом мелардри 4,5-рэ къыІэрыхьну догугъэ. Къыщыынэмыщ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм, цІыхухэм я щыІэкІэ-псэукІэм зрагъэужьыным сом мелард 19 (бюджетым и процент 73,4-рэ) трагъэкІуэдэнущ, абы щыщу сом мелардри 4,7-р улахуэм, сом мелардри 5,7-р егъэджэныгъэм, сом мелардри 3,8-р медицинэ страховани.

Бещтокъуэм къыззэрыгъэщамкІэ, 2017 гъэр имыкІ щыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелардри 5,8-рэ щыхуэу къратынущ, илъэси 7-м кърубыдэу япшынэжыну.

- Мы зэгурыІуэныгъэм и тхьилъэр УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм едгъэжьауэ, абы щыхоплъэ. Гу лъытапхъэщ апхуэдэ щыхуэ 2018 гъэм зэрамытынум, - игъэбелджылащ абы.

Бещтокъуэм жиІам теухуауэ депутатхэм упщІэ куэд яІэу къыщІэкІащ. Нэхъыбэм ягу кьеуэр 2018 гъэм улахуэм хагъэщІыну хъыбар зэрыщыІэр арат. Абы теухуауэ Бещтокъуэм жиІащ улахуэм зэрыхамыгъэщІынур, уеблэмэ накъыгъэ унафэхэм япкъ иткІэ, языныкъуэ Іуэхущ Іапіэхэм щыхагъэхъуэну.

Бюджетым теухуауэ къэпсэльащ политикэ партхэм я унафэщІхэр икІи псори зэдзэрэзыуэ унафэм и проектыр къыззащтащ.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ Лэскэн щыналъэ судыр Аруан щыналъэ судым зэрыхагъэхьэжым. КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІ Мер Юрий жиІащ УФ-м и Конституцэм къызэригъэувымкІэ, судыр лэжьэн папщІэ, абы и унафэщІрэ хеящІэу 3-рэ щыІэн зэрыхуейр.

- Лэскэн щыналъэ судым хеящІэу 2 щыІэу аращ, судым и унафэщІ щыІэкъым. Араци, Лэскэн судыр Аруан судым хэдгъэхьэмэ нэхъ тэмэму къэтІылъащ, - жиІащ Мерым.

Депутатхэр хэпльащ къулыкъум епха Іуэху зыбжанэм. Апхуэдэу, Прохладнэ судым и 2-нэ къудамэм и зэзыгъэкІуж хеящІэу хахащ Чэтбий Зубер. КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ, Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетхэм КъуэныкуеЙ Раисэ, Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыупсыр къэгъэсэбэпынымрэ щІы Іуэхухэмкіэ и комитетым Тэхъу Ислъам сымэ хагъэхьащ. Парламентым и Унафэщ Іыр абыхэм ехъуэхъуащ икІи зэІущІэм и кІэм КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъыр иратыжащ депутат Газаев Мысхьид.

ФЫРЭ Анфисэ.

Фэтэр куэд хъу унэхэм хиубыдэ мыгуэша мылъкур капитальнэу зэгъэпэщІыжынымкІэ щыналъэ программэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм фэтэр куэд хъуу щыІэ унэхэм хиубыдэ мыгуэша мылъкур капитальнэу зэгъэпэщІыжынымкІэ къыхалъхьэхэр зэрагъэхь Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м *Налшык къалэ*
№206-ПП

Урысей Федерацэм Псэупіэмкіэ и кодексым и 189-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм фэтэр куэд хъуу щыІэ унэхэм хиубыдэ Іыхьэ мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщІыжынымкІэ зэтегъэувэным и Іуэхукіэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №62-РЗ-м и 17-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Фэтэр куэд хъу унэхэм хиубыдэ мыгуэша мылъкур капитальнэу зэгъэпэщІыжынымкІэ щыналъэ программэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм фэтэр куэд хъуу щыІэ унэхэм хиубыдэ мыгуэша мылъкур капитальнэу зэгъэпэщІыжынымкІэ къыхалъхьэхэр зэрагъэхь Хабзэу мы унафэм щыІэр къэщтэн.

2. Мы унафэм къару егъуэт ар официальнэу къыщІатрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІа нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ сату ІэнатІэмрэ я зэфІэкІым хэхъуэ зэпытщ

Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Іэнатіэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, республикэм и промышленностымрэ розницэ сатумрэ зауж зэпытщ.

2017 гъэм и щІышылэ - жэпуэгъуэ мазэхэм КъБР-м и промышленностым и зэфІэкІыр гъэ кІуэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 102,2-рэ мэхъу. Сырыем елэжь ІэнатІэм а бжыгъэр процент 102,6-м, щэкІэхэр зэІуэщІэ ІэнатІэм процент 270-м, хьэфэ, пластмассэ хьэпшыпхэр къыщІэзыгъэкІ ІэнатІэм процент 106,4-м, ерыскъыпхъэхэр зыщІ ІэнатІэм процент 104,5-м, щыгъынхэр зыгъэхьэзыр ІэнатІэм процент 110,2-м щынэсащ.

А зэман дыдэм розницэ сатум хьэпшыпрэ ерыскъыпхъэу сом мелард 99,2-рэ и уасэ щызэблагъэкІащ. БлэкІа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 100,4-рэ мэхъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым федеральнэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 250-рэ къыІэрыхьэнущ

Къэрал Думэм ещанэ еджэгъуэу къищтащ 2018 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа федеральнэ бюджетым и Хабзэр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сом мелуан 250-рэ къратынущ. Kabardin-Balkar.er.ru сайтым зэрыщытхамкІэ, ар я жэрдэмщ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщі Володин Вячеславрэ Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбийрэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ и унафэщІхэм зэрагурыІуам тету, 2018 гъэм а ахъшэр халъхьэнущ Лэскэн районым хыхь Ташлы-Тала къуажэм курыт школрэ Налшык къалэм спорт Іуэхущ Іапіэрэ щыуэныным.

Мы унафэм мыхьэнэ-шхуэ иІэщ. Псалъэм папщІэ, Ташлы-Тала къуажэм дэт курыт еджапІэр 1957 гъэм яухуауэ щытащ, ар жьы хъуащ, зэманым кьемыззгъыжу. Къапщтэмэ, еджапІэм хэткъым школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр зрашалІэ къудамэ. Жьлэдэсхэм зэрыжаІэмкІэ, апхуэдэ Іуэхущ Іапіэм ахэр хуэныкъуэщ.

Налшык къалэм щаухуэ спорт Іуэхущ Іапіэм епха лэжьыгъэхэр 2013 гъэм яублащ. Спортым епхауэ щыІапхъэм къищынэмыщІауэ, абы хэтынущ еджакІуэхэмрэ спортсменхэмрэ зыщагъэпсэхуну хьэщІащ.

Щыналъэм къыІэрыхьну ахъшэмкІэ 2018 гъэм зэфІахыну лэжьыгъэм республикэм ис щІалэгъуалэм Іэмал къаритынущ заужьыну, спортым и лІэужьыгъуэ нэхъ цІэрыІуэхэм зыхуагъэсэну.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Узыншагъэ

ЩІалэгъуалэр щахъумэу

Дыгъэгъазэм и 1-м, СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэм, Сабий творчествэмкІэ унэм щеІуэкІынущ «СТОП ВИЧ/СПИД» фІэщыгъэр зиІэ семинар.

АБы и кьыззэгъэпэщаІуэщ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэхэр, «Точка опоры», «Волонтёры-медики» жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэр. ЗэІущІэм и кьалэныр ВИЧ уэсфэ зэрыщІалэмрэ СПИД-мрэ зыхуэдэм щІалэгъуалэр щыгъэгъуэзэнырц.

Семинарым хэту екІуэкІынущ интерактивнэ лекцэхэр, профилактикэ тренингхэр, апхуэдэу ВИЧ/СПИД уэсфэ зэрыщІалэхэр къызыхэкІым, зэрызаубгъум, зэрызыщыпхъумэным теуха документальнэ фильм ягъэлъэгъуэнущ. ЗэІущІэм хэтынущкурыт ІэщІагъэ щрагъэгъуэт егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм я студентхэр, Налшык къалэм дэт курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэр. Абыхэм псом и семинарым зэрыхэтамкІэ сертификатхэр иратынущ.

ЗэІущІэм и кІэухым «Лента толерантности» зэхьыхэр ирагъэкІуэкІынущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым щэкІуэгъуэм и 30-м зэІущІэ щриГъэкІуэкІынущ КъБР-м хыхьэ Лэскэн муниципальнэ щыналъэм щыщ Уэзрэдж къуажэм. Щыщидзэнур сыхьэти 10-рщ.

АР ТЕУХУАУЭ щытынущ «Урысей Федерацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныгъэ псоми яхуэгъэза и хабзэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыдагъэкІа Федеральнэ закон №131-ФЗ-м къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм Лэскэн муниципальнэ щыналъэм щыщ Уэзрэдж къуажэм зэрыщытетымрэ.

Къуажэм щрагъэкІуэкІыну зэІущІэм хыхьэу КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэрэ Президиумым хэтхэмрэ епсэльылІэнущ я щхьэ Іуэхукіэ закъыхуэзыгъаззэхэм.

Абыхэм яІущІэну хуейкэр нэхъ пасэу ятх мы телефонхэмкІэ: 8 (866 39) 9-81-33, 8 (866 39) 9-55-02.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Фэеплъ хуащІ

«Сталинград зауэм и лІыхъужьхэм папщІэ» фэеплъ музейр къыззрыззрагъэпэщІрэ илъэс 50 зэрыкІуэм и щыхькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Волгоград областымрэ зэгъусэу Іуэху гуапэхэр ирагъэкІуэкІ.

«СТАЛИНГРАД зауэ» музейм и унафэщІхэмрэ Урысей дзэ-тхьдэ зэгухьэныгъэм Волгоград щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фыщІэ къыхуащІ советыдзэм Сталинград зауэм текІуэныгъэр къыззрыщихьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъуамрэ «Сталинград зауэм и лІыхъужьхэм папщІэ» фэеплъ музейр къыззрызрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрыхъуамрэ ехьэлІауэ къызэрагъэпэща Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтам папщІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым краша жыгей плъыжьхэм Мамаев Іуащхьэ ягъэдэхэнущ икІи Хэку зауэшхуэм лІыгъэ кьаГъэлъагъуэу хэтахэм ар я фэеплъ хъунущ. Си фІэщ мэхъу, мыпхуэдэ Іуэхухэм ди лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ зэрагъэбыдэнур», - кьыхегъэщ музейм и унафэщІ Васин Алексей къыгъэхьа тхыгъэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэлпейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэхэм мыІэрысэр щІэз ящІ

Бахъсэн районым и хозяйствэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ «Бахъсэн и жыг хадзэхэр» жэуап зэхэтэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм гулъытэшхуэ хуещІ кьрихьэлІа продукцэр зыхуей хуэзэу хъумэным. Мы гъэм абы хъумапІэхэм щІилъхьэжащ пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 20.

МЫ ХЪУМАПІЭР 2010 гъэм лажьэу яутІыпщащэу щытащ. Абы хъумапІэ щхьэхуэу 96-рэ иІэщ, дэтхэнэми мыІэрысэ тонн 250-рэ щІэхуэу. Пхъэщхьэмыщхьэр зэІымыхьэу зы илъэскІэ яхъумэфынущ. ХъумапІэм кьыбгъурытщ пхъэщхьэмыщхьэ щыІэхадз Іэнатіэри. Абы щІэт автоматхэм сыхьэт кьэс тонн 34-рэ зэхадзыфынущ.

Бахъсэн районым и щыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

НОБЭ

♦Палестинэ лъэпкъыр дэІыбгынымрэ и дунейпсо махуэщ. 1947 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм резолюцэ къищтащ Палестинэр Инджылызым и унафэм къыщІэгъэкІыным теухуауэ. Апхуэдэуи абы щыуБзыхуат Палестинэм къэралыгъуитІ - журтхэм ейрэ хъэрыпхэм ейрэ - къыщыззгъэпэщынырэ.

♦Албаниер нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа (1944 гъэм) махуэщ

♦1899 гъэм Испаниием «Барселона» футбол клубыр къыщыззрагъэпэщащ. Иджыпсту дунейм и топджэгу гуп нэхъ лъэщхэм ящыщщ ар.

♦1917 гъэм Цагъуэ Нурийрэ Дым Іэдзэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкІащ.

♦1920 гъэм Армян ССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1924 гъэм къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныкІэ Урысейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1932 гъэм Франджымрэ СССР-мрэ Іэ традзащ зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыІуныгъэм.

♦1941 гъэм Петрищевэ къуажэм (Москва область) нэмыцэ фашистхэм партизанкэ Космодемьянская Зое (Таня) щхьэпылъэ щащІащ. Партизан гупым и хэщІапІэр кьрагъэІуэтэну хъыджэбз щыкІым сут хуэдиз бэлыхь фашистхэм трамыгъэпъаи, ар къахуэдзыхакъым. Къыгъэпэгъуа хахуагъэм папщІэ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр Космодемьянскэм зэрымыпсэужу фІэщыным теухуа унафэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм мазаем и 16-м къищтауэ щытащ.

♦1945 гъэм Югославие Федеративнэ ЦІыхубэ Республикэ къызэрыунэхуам теухуа унафэ къащтащ. Абы и унафэщІу ягъэуват Иосиф Броз Титэ.

♦Политик, Франджым и президенту (1995 - 2007 гъэхэм) щыта **Ширак Жак** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гребешковэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор **Хьэмхъуокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саутэтыр ІэунейрэІ зыхуагъэфэща, Пъэпкъэм я къэрал театрым и художественнэ унафэщІ **Миронов Евгений** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ цІэрыІуэ, дунейпсо, европэпсо зэпеуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуа **Петровэ Марие** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩІыпІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхьэтепіэншэ къабзэ хъуркъым.

ЕджакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм кIуэ пэтми къару ягъуэт

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм иджыблагъэ щекlуэкlащ «Российское движение школьников» урысейпсо жылагъуэ сабий зэгухьэныгъэм и къудамэу КЪБР-м щыIэхэтым и «СТlол хъурей». КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къудэз, егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ министр Ёмуз Нинэ иригъэкlуэкl зэIущlэм кърихьэлlат школакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ советым хэтхэр, районхэм щыIэхэт къудамэхэм, еджапlэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

ЕДЖАКIУЭХЭМ я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэмрэ къапщащт къалэнхэмрэ теухуауэ псалъэмакъым хэтащ ди республикэм щIыIэхэт къудамэм и унафэщI Iэрыпщэ Мурат, а зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зэзэгъэуIу Кулимовэ Залинэ, Тэрч дэт 3-нэ курыт школым и унафэщIым и къуэдзэ Гъуклакъуэ Анжеликэ, Шэджэм къалэ дэт 1-нэ школым и унафэщIым и къуэдзэ Алэкъей Атмир, Аруан къуажэ школым и унафэщIым и къуэдзэ Щауэ Маринэ, нэгъэщIэкъэр.

Зэ Iущlэр къыщыщIэIуихым министрыр къызэтеувыIащ «ЕджакIуэхэм я урысейпсо зэщIэхъеенныгъэр» ныбжьыщIэхэм ехьэлIауэ къэралым щекlуэкl Iуэхугъуэхэр зыунэт1, зэзыгъэуIу къарууз зэрыщытым.

- Илъэсым нэблэгъауэ аращ КЪБР-м я зэгухьэныгъэр къызэрыщызэрагъэпщIэр. Абы и лэжьыгъэр еубзыхуз зэзыгъэуIу Советым икIи щIыпIэхэм, еджапlэ щхьэхуэхэм къыщызэрагъэпэща къудамэхэм япыщIауэ мэлажьэ. Школ къудамэхэм я лэжьыгъэр ящэнтI унафэщIхэм гъэсэныгъэмкlэ я къуэдзэхэм, - жиIащ Емуз Нинэ.

Кулимовэ Залинэ тепсэлъыхьащ 2016 - 2017 гъэхэм ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэр зэрызэфIэува щыкlэм, я екъулIэныгъэхэм. Абы къыхигъэщащ мы зэманым а зэгухьэныгъэм КЪБР-м и еджакIуэ мин 15-м нэс щеджэ школ 85-рэ къыхэзыщIыкIыбыдэр, абыхэм ящыщу еджапIипIыр (Тэрч къалэм щыIэ 3-нэ, Шэджэм къалэм дэт 1-нэ, Хьэтикъущыкуей курыт школ №3-р, Аруан къуажэм дэт курыт школыр УФ-м нэхъыфIу къыщалъыта школи 150-м зэрыхабжар.

Апхуэдэу «СТlол хъурейм» къеклуIалхэр зэдзэгъэшащ я екъулIэныгъэхэмкlэ, я лэжьыгъэр зэрызэтраублэ щыкlэмкlэ. Щауэ Маринэ зи унафэщI гупым и екъулIэныгъэхэм ящыщу и гуапэу къыхихигъэщащ Москва щекlуэкlэ «Экофорум»-м, Ульяновск къалэм щызэхэта «Узыпсэпыыщэ шэрх» жыхуиIэм зэрызыкъыщалъэпсалъэуар, «Сэ Урысейр зыхэсгъэцIыху» зэпеуэм зэрыщытекIуар, иджы «РДШ-м и гуп нэхъыфI» зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзырыр.

«ЕджакIуэхэм я урысейпсо зэщIэхъеенныгъэм» и унэтIныгъэ нэхъыщIхьэхэм ящыщу щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным теухуар. Абы нэхъ тегъэщIауэ я лэжьыгъэр зэрызэтраублэм и гугъу ищIащ Тэрч дэт 3-нэ школым и унафэщIым и къуэдзэ Гъуклакъуэ Анжеликэ. Школым ильэс зыбжанэ хъуауэ щекlуэкlа «ЩIэблэщIыр гвардие» клубым Iуэхуфl куэд зэфIегъэкI, зэпеуэхэм екъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэ. Апхуэдэу «Орлёнок» сабий лагерым щекlуэкlа сатыракиадэм еджапIэм и гупым 3-нэ увыпIэр къыщихьащ, «Экологием и хъумакIуэхэр», «РДШ-м и къару» гупхэм зыкъыщагъэхьэгъуа зэпеуэхэм 2-нэ увыпIэр щаубыдащ.

«СТlол хъурейм» и лэжьыгъэм хэтащ КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Iуэес. Шэджэм дэт 1-нэ курыт еджапIэм и журналист ныбжьыщIэкIэ абы иригъэблагъэащ университетым журналистхэр щагъэхьэзыр и къудамэм зыщапIыхьыну, Iэщlагъэм и Iэмалхэм нэхъыфIу зыщагъэзыгъэзэну. Абы жиIащ школхэм щекlуэкI лэжьыгъэр зэрадиIыгъыр икIи университетым и зыгъэпсэхупIэу Iуащхьэмахуэ льапэм щыIэм студентхэмрэ еджакIуэ щыкIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ зэгъуэсу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщыну щрагъэкIуэкIмэ зэригупэр.

Емуз Нинэ я гупсысэр диIыгъащ икIи къыхигъэщащ нэгъуэщI щыналъэхэм я лIыкIуэхэри зэрагъэблагъэу зэгухьэныгъэм щыпашэхэм я зэхуэсышхуэ къызэрагъэпэщыну зэригъуэр.

ЗэIущIэм хэтахэр хэплъащ псалъэмакъ екIуэкIам ипкъ иткIэ зэкагъуэва чэнджэщхэм, икIи я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпын мурадкIэ зэдзарэзыуэ къызэдащтащ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр.

Тхьэзэплъыж Муратрэ Дыджэш Лидэрэ.

Нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу

Iуэху гуапэм кърагъэблагъэхэр.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ 1992 гъэ лъандэрэ. Ар ягъэуваш лъэпкъ къулеигъэр къызэгъэпэщыным зи гущIэ хэзылъхьа, щIыхьрэ гулъытэрэ къэзылэжьа ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ хуащIу.

ЗИ НЫБЖЬ хэкIуэтахэм я мазэу ягъэува бжьыхьэ дыщафэ жэпуэгъуэм зэIущIэ гуапэхэр къыщызэрагъэпэщащ ди республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ.

Нэхъыжьхэр зыгъэгумэ, зыгъэгушхуэ я Iуэху гуапэхэм ящыщт «Айленд» кафем щекlуэкIа, «На серебряной волне» зыфIаща зэхьихьэр.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ пенсионерхэмрэ мазэ псокIэ лъэныкъуэ куэдкIэ гулъытэ хэха зэрыхуащIым, - жиIащ Цlыхубзхэм я совету Налшык къалэм щыIэм и гущIэ, Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Дыджэш Лидэ.

КЪБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм, Тхьэзэплъыж Мурат зи тхьэмадэм, мазэ псом курыбыдэу республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щригъэкIуэкIащ зэIущIэхэр, псапэ зыпылъ концертхэр, спектаклхэр, художественэ самодеятельнэ гупхэм зэпеуэхэр, цIыху Iэпщlэлъапщlэхэм я Iэдакъэщlэкlэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр. ЯгъэлъэпIащ гъащIэ гъуэгуанэ кIыхь ясэлъэныкъуэ, зи закъуэу я зэшанахэм я дежи щыIащ, ахъшэкIэ, зыхуэныкъуэхэмкIэ зыщIагъэкъуащ.

Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэмрэ Цlыхубзхэм я советымрэ я унафэщIхэм я фIыщIэкIэ я къалдэс ц1ы бжыгъэхэр къыхаущащ Лъэсу къэкIуэхыным и урысейпсо махуэм ехьэлIауэ къалэ администрацэм Физкультурэмкlэ, спортымрэ щlалэгъуалэ Iуэхуэхмкlэ и управленэм къыщыригъэпэща Iуэхуэхэм.

Зи ныбжь хэкIуэтахэр щыIащ киномэ и фестивалым, Темыркъан Юрий и щIыхькIэ къыщызрагъэпэща VI дунейпсо макъамэ фестивалым теухуа Iуэху гуапэхэм. Абыхэм зыщрагъэплъыхьащ Шэджэм ауэм и щIыпIэ дахэхэм, балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ Кулиев Къайсын и уэн-музейм щыIащ.

КъыкlэлъыкIуэу Пенсионерхэм я къалэ зэгухьэныгъэмрэ Цlыхубзхэм я советымрэ хэтащ балъкъэр усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим къыщалъхуа Шики къуажэм щекlуэкIа зэIущIэм.

Жэпуэгъуэм и 13-м Урысейм и Пенсэ фондым Налшык къалэм щыIэ и Управленэм и унафэщIэр Пенсионерхэм я къалэ советым и президиумым щIыгъуу зи ныбжь хэкIуэтахэм яIущIащ. ПФР-м и Iэщlагъэлlхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ пенсэ Iуэхум щIэуэ къыхьихьахэм, зыщIэупщIахэм жэуап ираташ.

«Дубки» хьэблэм щыIэ сабий сад №95-м и гъэсэн цIыкIухэм зи ныбжь хэкIуэтахэр ягъэгуфIащ концерткlэ, езыхэм ягъэхьэзырыжа хьэпшып цIыкIухэмкIэ. Мы цIыкIухэмкIэ.

Тхьэзэплъыж Мурат жиIащ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым пенсионер мини 196-м щIигу зэрыщыпсэур. Пенсионерхэм я урысейпсо зэзэгъэныгъэм и щIыналъэ къудамэм хохьэ район къалэ Iуэхущlапlэр 13, къуажэхэм щыIэу 148-рэ. Лэжьыгъэ псор къыщежьэр пащlэдэз зэгухьэныгъэхэм къыхалъхьэ жэрдэмэхущ. Абы и фIыгъэкIэ зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм и чэзум къаIэрохьэ зи ныбжь хэкIуэтахэу щыпIэ-щIыпIэхэм щыпсэухэр зыхуэныкъуэхэм ятеуха хъыбархэр икIи абыхэм яподжэж.

Зи щхьэцыр къетхуха нэхъыжьыфIхэм хъуэхъу псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъзащ тхакIуэ Марко Вовчок и уна-музей (КЪБР-м и Пьэпкъ музейм и къудамэм) и унафэщI Лэжьерей Инессэ.

Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, «Лъэпкъым и узынщагъэм и лигэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лицензиэ къудамэм и унафэщI Къэмбэчокъуэ Заретэ Тхьэзэплъыж Муратрэ Дыджэш Лидэрэ ящIыжащ лигэм и тхьэмадэ, кардиохирург щэрыIуэ Бокерие Лео къаухуигъэхьа фIыщIэ тхылъхэр.

Апхуэдэу фIыщIэ тхылъэмкIэ ягъэпэжащ гъатхэм «Узынщагъэм хуэкIуэу лъэбакъуэ мини 10 чын» Iуэхум хэта пенсионерхэр.

Налшык и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм жыджэру хэт Щомахуэ Мухьэмэд дахэу къеджащ усэхэм. Пшыхьэр езыгъэкIуэкIа Даур Иринэ и гъэсэнхэу «Трио 305» уэрджыIакIуэ ансамблым хэт Балъкъыз Тимур, Уэрыш Артур, Дидан Аслъэн сымэ пшыхьыр ягъэдэхащ, къурихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ.

«ЩIэблэхэм я зэпыщIэныгъэхэр хъумэныр икIи гъэбыдэныр дэ ди къалэн нэхъыщIхьэхэм ящыщщ,- къыхигъэщхьэхукIащ Дыджэш Лидэ. Абыхэм я гъащIэ псор трауху жыIагъуэм хуэлэлу хуэлэжьэным. Ди гуапэщ узынщэу, зэIуэзэпэщу, насыпыфIэу ильэс куэдкIэ псэуну».

ЗэIущIэ гуапэм ирагъэблагъахэм фIыщIэшхуэ хуащIащ ар къыззэгъэпэщащэм.

Къызэхуэсахэм я лъэIукIэ Даур Иринэ уэрдэжр жиIащ, саугъэтхэр ириту макъамэ зэпеуэхэр ядрикъэгъкIащ, езы нэхъыжьхэри утыкур ягъэбжьыфIэу къэфащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

Даур Иринэрэ Лэжьэрей Инессэрэ.

● Фэеплъ

ЗауэлIым, щIэныгъэлIым, тхакIуэм и щIыхькIэ

Дыгулыбгъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №10-м къыщызэIуахащ Хэку зауэшхуэм лIыгъэ зэрихьэу хэта, бзэщIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Къардэн Бубэ и фэеплъ.

ШЭДЖАГЪУЭМ ирихьэлIэу школ пщIантIэм къыщызэхуэсу щIадзащ къыззэральхъуэ иджыблагъэ илъэси 100 ирикъуа зауэлI, щIэныгъэлI, тхакIуэ гъуэзджэ Къардэн Бубэ къыдэлэжььахэр, иригъэджахэр, Iыхьлыхэр, благъэхэр, Дыгулыбгъуей къуажэм дэсхэр. Зауэлl фащэ зыщыгъ школакIуэ цIыкIуэр сатыру иувыкIат, класс нэхъыжьхэм щIэсхэр, шар хужьхэр лIыгъэуу, адэкIэ щызэхэтт.

ЗэIущIэр къызэIуихащ курыт еджапIэ №10-м и директор Къаныкъуэ Маритэ икIи къызэхуэсахэр кlэщIу щыгъуазэ ищIащ Къардэн Бубэ и гъащIэ гъэзагуанэмрэ творчествэмрэ. Абы щхьэхуэу фIыщIэ хуищIащ и ныбжьыр зэкIуэтами мы Iуэхугъуэм зыкърезыгъэхьэла, я школым и яп1э директору щыта, егъэджэныгъэ Iэнатlэм хэлъхьаныгъэшхуэ хуэзыщIа Къардэн Мухьэб, зи фэеплъыр къызэIуахым и къуэш нэхъыщIэм.

- Къардэн Бубэ лъэпкъри республикэри зэрыгушхуэ лIыщ, - жиIащ Бахьсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, зэIущIэм къыщыIпсалъэу. - Нобэ щIэщIэдзауэ абы и цIэр курыт еджапIэ №10-м зэрихьэнущ. Щэч къытесхьэркъым а лIы щэджащэм хуэфащэу егъэджакIуэ гупри абыхэм я гъэсэнхэри зэрыщытынум.

Школ щIыхьэпIэм щагъэува фэеплъым тепхъуар трахыну пщIэ хуащIащ Къардэн Мухьэбрэ Мамхэгъ Хьэчимрэ. Абы иужькIэ школакIуэхэм щар гъэпща хужьхэр уафэм драгъэлъэтеящ, удз гъэгъакъэр фэеплъым бгъуральхъащ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэрихьа лIыгъэхэм папщIэ Къардэн Бубэ къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь ордену тIу (1941, 1994 гъэхэм), Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр (1943 гъэм), Вагъуэ Плъыжь орденыр (1945 гъэм), медаль зыбжанэ. Зауэ ноужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым, (иужькIэ - университетым) щригъэджащ икIи щIэныгъэ лэжьыгъэ 50-м нэблагъэ, псалъалъэ, зэрырагъаджэ пособие зыбжанэ къыдигъэкIащ. Хэку зауэшхуэм и нэгу щыщIэкIахэр къыщыIуэтэжа художественнэ тхыгъэ 20-м нэблагъэ Къардэн Бубэ дунейм къытригъэхьащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Фильмыр утыку кърахьэ

Анзорей къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щагъэлъэгъуа «Долгая дорога к миру» документальнэ фильмыр.Ар зытеухуар Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыта щытыкIэ гугъурщ, ар къыззэрызэринэкIарщ, лъыгъажэр къыззэрызэтрагъэувыIарщ.

АБы ЩIЕПЛЪЫНУ зэхьихьэр къыззэрагъэпэщащ Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Щlалэгъуалэ советымрэ щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэмрэ.

Фильмыр щагъэльагъэуэм зыкърагъэхьэлIащ Лэскэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Инжыжокъуэ Сэфарбий**, уголовнэ къэлъхьуэныгъэмкIэ а щIыпIэм щыIэ Iуэхущlапlэм терроризмэмрэ экстремизмэмкIэ и унэтIныгъэм и лэжьакIуэ **Пэрыт Альберт**, щIыналъэм и Iимам **Къунаш Заурбий**, курыт еджапIэхэм я еджакIуэхэр, щIалэгъуалэр.

- Терроризмэр мамырыгъэм и бийц. Къэралымрэ жылагъуэмрэ я мызакъуэу, дуней псом и щIынагъэм щIэныгъэ ябгъэ. Жылагъуэр абы хъэргъэшыргъэ хедэзэр, цIыху лажьэншэхэр егъэкIуэд. Терроризмэм щIэпкъи, дини, гуэрпагкъи иIэкъыи, - къыхигъэщащ Инжыжокъуэ Сэфарбий къызэхуэсахэм защIыхуигъазэм.

Фильмым щытопсэлъыхь республикэм терроризмэр къызэрыщыунэхуам, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэр абы жьыджэру зэрыпщIэтам. Ар зыгъэхьэзырахэм я мурад нэхъыщхьэр блэкIар дигу къагъэкIыжьныщ, апхуэдэ гуэвэгъуэм къытримыгъэгъэзэжьын папщIэ.

БЖЬЫХЬЭЛI Роза.

Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыркъым

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Ставрополь краймрэ Къурей (Курской) щIыналъэм щыщ Серноводскэ къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIащ адыгэ щэнхабзэм хуэгъэпса «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкIуэцIкIэр» зыфIаща фестивалыр. Ар къызэрагъэпэщат КЪБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядалъжьэныщIэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ и управленэмрэ Мэздэгу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дербит (Мудар) Валерэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщ артистхэр, щэнхабзэмрэ гъуэздэжьм-рэ я лэжьакIуэхэр ирагъэблагъащ 17-нэ курыт школым. Абы и егъэджакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, школыр 2014 гъэм къызэIуахауэ ящащ, сабийхэр щрагъэкIуэкIащ, щэнхабзэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIри, спортым щыхуагъасэри, щхапIэри къызыхуэтыншэу зэпэщащ. Мы школым щызэдоджэ лъэпкъ зыбжанэм къахэкIа сабийхэр, абыхэм я процент 90-р адыгэщ.

ЕджапIэм и унафэщI Ахъмэт Iэсият зи пашэ гупым хьэщIэхэр гуапэу ирагъэблагъащ. Адыгэ фащэхэр екIупсу зыщыгъ пщащэ цIыкIухэмрэ щIалэхэмрэ джэгуф зэхаублауэ гуфIэгъуэ зэхьихьэм кърихьэлIахэр утыкум кърашэрт. Джэгур иуха нэужь хьэщIэхэр ирагъэблагъэ концертыр щекIуэжIыну гъэшIыгъуэм. Абы кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ институтхэм ядалъжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ и управленэм и унафэщI КIурашын Анзор, КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ министерствэм и къудамэм и унафэщI Пащlэ Рамед, Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей хэсэл драмэ театрым и художественнэ унафэщI Фырэ Руслан, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр, Курской районым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Чебан Юрий, Серноводскэ къуажэ советым и Iэтащхьэ Бэдзжей Мурат сымэ.

Гуфlэгъуэ пшыхьыр къыщыззэIуахым къызэхуэса псоми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ гуфIэгъуэ зэхьихьэр къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуэ мэздэгу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дербит (Мудар) Валерэ.

- ЩIалэгъуалэрщ ди къэкIуэнур, - жиIащ Валерэ. - Абы ипкъ иткIэ, мыпхуэдэ фестивалхэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, ар сэбэп мэхъу къыдэкIэрей щIэблэм къызыхкIар ящIэныкъмкIэ, я хабзэ зэрахьэжьымкIэ, я бзэ ягъэщэрыуэжьымкIэ. Си гугъащ нобэ мы Iуэхум хэтыну дэтхэнэ зыри балигъ хъурэ гъащIэм хэувэмэ, я адыгагъэр зэрахьэу, нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу, я къуэпсыр ящIэжрэ нэхъри ягъэбыдэу псэуну, мэздэгу адыгэхэр зэрыщыIэр, я бзэр, хабзэр зэрахьэу къызэрекIуэкIыр дуней псом кърагъэщIэну.

Адыгэ хабзэр, бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр хъумэным нэмыщI, фестивалыр зэкъуэтыныгъэм, зэныбжьэгъугъэм я джэлэс зэрыхьуар къыхигъэщащ КIурашын Анзор псалъэ щратам. Махуэшхуэм и программэм и гугъу щищым абы жиIащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гъэлъэгъуэныгъэ япэу мы фестивалым къызэрыхьар, икIи абыкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуэ, ар къадэзыIыгъа Фырэ Руслан фIыщIэ хуищIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым и артистхэу Хьэкъул Оксанэ, Тхьэзэплъ Залинэ, Гъаззэ Тимур сымэ, къэфакIуэхэу КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Къуэныкъуейхэ Алимрэ Иринэрэ ягъадэха концертыр щиухым къызэхуэсахэр ирагъэблагъащ ди республикэм икIа Iэпщlэлъапщlэхэм мастер-классхэр щат щыпIэм.

Махуэшхуэм къекIуэлIа дэтхэнэ зыми адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ нэхъыфIу зыхихщIэн, ар зыхэпсэукIар нэхъ Iупщу ирагъэлъагъун папщIэ мастер-класс зыбжанэ къыщызэрагъэпэщат школым и пэш хуитыжхуэхэм, икIи ини цIыкIуи, зэрыжаIэу, яфIэгъэщIэгъуэну щызэхуэсахэт абыхэм щыгъуазэ защIыну. Мэзло Руслан и арджэн щIыкIэм дихьэхахэр псом хуэмыдэу куэд хъурт. Руслан и Iэпхэр Iэкlуэлъакlуэу зэрылажьэм кlэлъыплъ куэдей мыхъуу, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хуейт арджэн зэIущIэну. Адыгэ фащэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэм дыщIидзкIэ тхылъхьэхэр зэрытращIыхьри зрагъэлъэгъащ, абы и щэхуэр нэрылъагъу ящыхьуащ къызэхуэсахэм. Адыгэ къафэмкIэ мастер-класс ирагъэкIуэкIащ КЪБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Битокъу Оксанэ.

Адэкlэ фестивалым и лэжьыгъэм щыпащащ еджапIэм и залыШхуэм. Абы Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэм щагъэлъэгъуащ «Льагъуныгъэм и къарур» спектаклыр. Фестивалым гуIэфIтещIэж хуэхъуат ар икIи артистхэм я джэгуклэр пхужьмыIэным хуэдизу ягу ирихьащ къызэхуэсахэм. Абы и щыхьэту Iэгуаэу иныр куэдрэ ужьхуакъым.

Ди адэжьхэм къащIэна хабзэ дахэхэм щIэблэр щIэпIыкIын, зэхущытыкIэ дахэхэр хъумэн, егъэфIэкIуэн къалэныр нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы хуэгъэза Iуэхугъуэ щхьэпэщ Ставрополь краймрэ щIыналъэ адыгэ жылахэу Аэрнейрэ Инаслъхьэлэрэ щекIуэкIа фестивалри. Дяпэкlи апхуэдэ зэхьихь дахэ куэд Тхьэм лъэпкъым къыдит!

КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Напэкіуэцір зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

ЕхъулІэныгъэщІэхэм дыхущІокъу

● Іуэху еплъыкІэ

Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм иджырей лъэхъэнэм зэхуэкІынныгъэ инхэр щокІуэкІ. «Егъэджэныгъэм и хабзэхэр» къэрал дэфтэрым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, егъэджэныгъэ Іуэхущапіэхэм автономие иратащ, абы щызэфІах егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щІэныгъэ, финанс, экономикэ Іуэхугъуэхэм, абыхэм епха мардэхэм, методикэ Іэмалхэм, технологиехэм ятеухуа хуитынныгъэхэр зэралэм и щыхьэту. А Іуэхугъуэхэм япкъ иткІэ, егъэджэныгъэм къыхьыхьащ тхылъыщІэхэр, пособиещІэхэр, технологие пэрытхэр. 21-нэ лІэщІыгъуэм и щыкІакІуэри куэдкІэ къыщъхьощкІ блэкІа лъэхъэнэм и еджакІуэм.

АПХУЭДЭ щытыкІэм ит школым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ абы и унафэщІу хэт щытми. Еджапіэм и пашэр - ар Іуэхущапіэм щекІуэкІ лэжьыгъэфІ псоми я зэхуэблакІуэу, жэрдэмщІакІуэу, екъулІэныгъэ къызыдэкІуэну щІэм и телъхьэу увын хуиІэну цІыхуш. АтІэми сыт хуэдэу зэрыщытын хуэйр иджырей школ унафэщІыр: егъэджакІуэ Іэзэу хьэмэрэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэу?

Сэ сызэригуГэмкІэ, иджырей курыт школым и унафэр Іэщіэлъын хуейщ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэм. Абы хэлъыпхъэ хьэл-щэнхэм я нэхъыщхьэщ зыпэрыт кІалэным хищІыкІыныр, цІыхУ хэтыкІэ дахэ иІэнэр, и нэІэм щІэт гупым хуэнабдзэгубдзэпльэныр, унафэ пыухыкІахэр къэщтэным тегушхуэныр, лэжьыгъэм творческэ бгъэдыхьэкІэ хуиІэныр. Адэкіи пыпщэ хьунущ а хьэлхэм, ауэ, къызэрыслъытэмкІэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэфІ къезыхьэлІэн гуп зэщІэбгъэуІуэнырщ. Сабиймрадлажьэр, епсалъэр, абы и хьэл-щэнэр зыуБзыхур егъэджакІуэрауэ щыщыткІэ, унафэщІым ІэщіагъэлІым дзыхь хуищІын, апхуэдэуи хуитынкІэ иритын уейщ и пщэрылъ кІалэнэхэр къызыхуэтэнныжу зэфІихыныжмкІэ.

Нартхьалэ дэт курыт школ №62-м илъэс 33-рэ хъуауэ сыщолажьэ сэ. А зэманым хъриубыдэу егъэджакІуэфІ куэдым сарихьэлІащ, ноби садолажьэ. Си насыпкІиКІри, егъэджэныгъэм сыщыхьхьа дыдэм и нэІэм сыщІэтащ щІыпІэ Іэнатіэм и зэфІэувэныгъэм, зыужьыныгъэм зи гъащІэ псор тыхь хуэзыщІа Шыд Хьэзрит Къасбот и къуэм. ЕгъэджакІуэ Іэзэ, лажьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ хьэлэмэт Хьэзрит илъэс куэдкІэ хьэлэлу игъэззэщІащ школым и унафэщІ къалэныр. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа а цІыху щыпкъэр, зи зэфІэкІ лъагэмкІэ адрейхэм яхэхащъохуКІ ІэщіагъэлІыр илъэс 64-кІэ щыпэжьащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм. А лъэхъэнэм хъриубыдэу ар щытащ тхыдэмкІэ егъэджакІуэу, школым и унафэщІым и къуэдзэу, школ унафэщІу, Аруан районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и пашэу.

И нэІэр зытет дэтхэнэ лжьакІуэмэ хуэнабдзэгубдзапльэт нэхъыжьыфІыр. Уи дерсхэм щІэсыжнумэ, абыкІэ хъыбар уигъакІуэрти, уимыгъэгузавэу, уимыгъэгужьейуэ уи лжьакІэм кІэлъыплъыт.

Урокхэр зэфІэкІа нэужь, сощІэж, и деж ущІигакІэ, пщІэ хьыдэзэрыщІыр Іэщіагъуэу, щабэу, гуапэу къэпсалъэрт, щыщІэныгъэ е зэхуэнэмыса гуэр щыІэмэ, Іэдэбу гу лъыуигъатэу. БлигъэкІынутэкъым уи зы ехъулІэныгъэ цІыкІуи, ар дерс тыкІэм епхами, сабийхэм уаззрепсалъэм ехьэлІами. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм егъэджакІуэ ныжьыщІэхэр Іуэхум нэхъри дытригъэгушхуэрт, сыт хуэдэ къэпщытэныгъэми дыхуэхьэзыру дигъасэрт. Аз ущие щабэм егъэщхь а зэхущытыкІэр зыхьэзыщІэ дзэм сыт щыгъуи дыхущІокъурт ди кІалэнхэр тэмэму зэрыдгъэзэщІэныим, Хьэзрит кІыэзэрыщыгугъым нэхъри нэхъыфІыж дыхъуным. Апхуэдэу щытыр егъэджакІуэхэм я закъуэтэкъым, атІэ школым и гъэсэнхэри арат. Школым щекІуэкІ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм кІыдэкІуэу, Шыдым гупыытэшхуэ хуищІырт спортым, физкультурэм. Ар хуабжьу иригушхуэрт ди еджакІуэхэм абыкІэ кІахь текІуэныгъэхэм.

СССР-м цІыхубэр егъэджэнымкІэ и отличник, РСФСР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Шыд Хьэзрит Къасбот и къуэм хуэдэу ди школым и зэфІэувэныгъэм и гуащІэ ин хэзылъхьаж ящыщщ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Чэт Светланэ Малил и пхъур. Ар илъэс куэдкІэ лэжьащ школ унафэщІым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэу, иужькІэ школым и пашэуи щытащ.

Апхуэдэ унафэщІ щыпсэуным зэтраГъуэва лэжьыгъэр адэкІэ згъэкІуэтэну, нэхъри езгъэфІэкІуэну пщэрылъ кІыщыСщащІым, сэ, дауи, жуэуплныныгъэ ин зыхэсщІащ. Шыдымрэ Чэтымрэ я тетыгъуэм еджапІэм зыІэриГъэжьа ехъулІэныгъэхэм уахуэфащэу, абыхэм уадэхъуу зэрыщытпхъэм къыдэкІуэу, ахэр гъэбзэгъуэнри си кІалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт. Ар къызэхуэтыншэу зэрызгъэззэщІэным си кІаруи зэфІэкІи есхьэлІэу солажьэ, си нэІэм щІэт гуп узынщэр си тегъэщІапІэу. Барбер Майкл, Инджылызым и иджырей егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лъабжьэ зыгъэтІылъа профессор цІэрыІуэм, зэрыжиІауэ, егъэджэныгъэм и фІагъыр зэлъытар школым щылажьэ егъэджакІуэм бгъэдэлъ Іэзагъэрщ. А лъэныкъуэмкІэ уеплъмэ, ди школым, ди гуапэ зэрыхъущи, щолажьэ щІэныгъэ кууРэ зэфІэкІ лъагэрэ зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлі Іэр. Ди егъэджакІуэ 80-м ящыщу 70-м я Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ яБгъэдэлъщ. Абыхэм яхэтщ щІыхь зиІэ егъэджакІуи, егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ лэжьакІуэхэри, къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщакэри. Гуп зэрыбгырыр зэгурыІуэу, зэдэууэ хуолажьэ кІалэн нэхъыщхьэм: щІэныгъэ кууРэ гъэсэныгъэ екІуРэ зиІэ щІэблэ щІыпІэм къитэджэным.

Ди школыр тІэкІурэ (2013, 2014 гъэхэм) хъуащ «Урысейм и курыт школ нэхъыфІи 100» къэралпсо зэпеуэм и лауреат. Апхуэдэ екъулІэныгъэхэм кІакІэпльыкІащ ди Іуэхущапіэм и цІэр фІыкІэ 2015 гъэми кІыэзырыаІуар. Математикэр егъэджэныжмкІэ Москва щыІэ центрым, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къыдИныгъуу, а илъэсым ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм и кІалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэм математикэмкІэ ябгъэдэлъ щІэныгъэм и фІагъыр къэхутэныратк, абы щыгъуи дыхэхуащ а унэтІыныгъэмкІэ нэхъыфІу къалъытахэр зратха «Топ 200» дэфтэрым. Ди республикэм щылажьэ курыт школхэм ящыщу щы кІудейщ а зэпеуэм зи цІэр фІыкІэ къыщыраІуар.

2016 гъэ лъандэрэ школым щокІуэкІ Занков и егъэджэныгъэ методикэр лэжьыгъэм хэпщэныжмкІэ федеральнэ къэхутэныгъэхэр. Ар жэуаплныныгъэ ин зыпылъ Іуэхугъуэщ, ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, ди егъэджакІуэхэр хъарзынэу абы полъэщ.

Ди екъулІэныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ пщалъэхэм ящыщщ ди еджакІуэхэр къэрал къэпщытэныгъэхэм зэрапэлъэщ щыкІэр, ЕГЭ-мкІэ, ГИА-мкІэ къахьыф баллхэм я бжыгъэр. АбыхэмкІи ди Іуэхуэр хъарзынэщ. Ди еджакІуэхэм куэду яхэтщ къэрал экзаменхэмкІэ балл 80-98-рэ къъзызыхьыфхэр.

ПхъэхъэнэщІэм къалэныщІэхэр къытхуэгъэуэр. Ди школыр дапщэщи хущІэкъунущ егъэджэныгъэм къыхьыхь мардэщІэхэр къиГъэсэбэпрэ щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ, къызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэ щІэблэфІ зэригъэсэным.

ШЫБЗЫХЪУЭ Иннэ,
Нартхьалэ дэт курыт школ №2-м и унафэщІ.

Аруан щІынальэм хьыхь Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-р къызэрызэІуахрэ илъэс 90 зэрыриКъур иджыблагъэ Іэтауэ ягъэлъапІащ. ГуфІэгъуэ Іуэхум хуэгъэщІэрэщІа школ пщІантІэм щызэхуэсырт хьэщІэ лъапІэхэр. Абыхэм яхэтт Аруан районым и администрацэм и Іэтащхьэ и къуэдзэ Щоджэн Риммэ, егъэджэныгъэмкІэ район Іэнатіэм и унафэщІ Жэрыщты Олег, Къэхъун къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Къандэхъу Леонид, егъэджэныгъэм и ветеранхэр, жылэм и нэхъыжьыфІхэр, а курыт школыр зэман зэхуэмыдэхэм къэзыухахэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм фІэхъыс сэлам гуапэкІэ школакІуэхэр къапежьэурэ гуфІэгъуэр щекІуэкІыну пэшышхуэмкІэ ирагъэблагъэрт.

Жэрыщты Олег щІыхь тхылъ ирет егъэджакІуэ пажэ Хъуэст Албэч.

Школым тыгъэ гуапэ хуэщІ «Лэгъупыкъу» центрым и унафэщІ Къардэн Равидэ.

ЗЭХУЭСЫР къызэІуахащ икІи ирагъэкІуэкІащ школым и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Езий Оксанэрэ инджылызыбзэр школым щезыгъэдж Къул Іэсиятрэ. Къаззрыхуеблэгъам папщІэ хьэщІэ лъапІэхэм фІыщІэ хуащІа нэужь, ахэр тепсэлъыхьащ еджапІэм къикІуа гъуэгуанэ купщІафІэм.

- Ди школыр щІынальэм япэу щахуэахэм ящыщщ. Илъэсипл пэщІэдзэ еджапІэу ар 1927 гъэм КъэхъуІ жылэм япэу ящыщзэІуахащ. ЕгъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр курсхэмрэ институтымрэ къауахуэ а лъэхъэнэм абы щылажьхьэм ящыщщ къэхъундзэсхэу Берычэт Зырамыку, Такъ Джэрий, Къул Мэчрэ́ил, Такъ Гуагуэ, Лъэпщокъуэ СультІан, Гулэжьн Хьэжкъасым сымэ, нэгъуэщІхэри. Ди щІынальэм и нэгъуэщІ щыпІэхэм къикІыурэ Къэхъуным и щІэблэм щІэныгъэ иратырт Хъуран Хьэжмурид, Хьэмырзэ Мысост, Тхьэзэпльэ Темболэт, АфІэнуэ Сэрэзэл, МаскІэ МутІалиб, Адаев Урысбий, ЛІуп Данил, Къэжэр Хьэбцинэ сымэ. Апхуэдэу лажьэурэ, ар хуэмурэ хуэкІуащ илъэсибл еджапІэм, иужькІэ, 1937 гъэм, къуажэм щаухуащ япэ курыт школыр. Абы щеджэр къэхъундзэсхэм я бынхэм я закъуэтэкъым, атІэ Псынабэ, Дохъушыкъуей (иджы Нартхьалэ) щыщ сабийхэми курыт щІэныгъэ щызыгъэгъуэгъэтІылъа профессор цІэрыІуэм, зэрыжиІауэ, егъэджэныгъэм и фІагъыр зэльытар школым щылажьэ егъэджакІуэм бгъэдэлъ Іэзагъэрщ. А лъэныкъуэмкІэ уеплъмэ, ди школым, ди гуапэ зэрыхъущи, щолажьэ щІэныгъэ кууРэ зэфІэкІ лъагэрэ зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлі Іэр. Ди егъэджакІуэ 80-м ящыщу 70-м я Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ яБгъэдэлъщ. Абыхэм яхэтщ щІыхь зиІэ егъэджакІуи, егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ лэжьакІуэхэри, къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщакэри. Гуп зэрыбгырыр зэгурыІуэу, зэдэууэ хуолажьэ кІалэн нэхъыщхьэм: щІэныгъэ кууРэ гъэсэныгъэ екІуРэ зиІэ щІэблэ щІыпІэм къитэджэным.

Ди школыр тІэкІурэ (2013, 2014 гъэхэм) хъуащ «Урысейм и курыт школ нэхъыфІи 100» къэралпсо зэпеуэм и лауреат. Апхуэдэ екъулІэныгъэхэм кІакІэпльыкІащ ди Іуэхущапіэм и цІэр фІыкІэ 2015 гъэми кІыэзырыаІуар. Математикэр егъэджэныжмкІэ Москва щыІэ центрым, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къыдИныгъуу, а илъэсым ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм и кІалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэм математикэмкІэ ябгъэдэлъ щІэныгъэм и фІагъыр къэхутэныратк, абы щыгъуи дыхэхуащ а унэтІыныгъэмкІэ федеральнэ къэхутэныгъэхэр. Ар жэуаплныныгъэ ин зыпылъ Іуэхугъуэщ, ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, ди егъэджакІуэхэр хъарзынэу абы полъэщ.

Ди екъулІэныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ пщалъэхэм ящыщщ ди еджакІуэхэр къэрал къэпщытэныгъэхэм зэрапэлъэщ щыкІэр, ЕГЭ-мкІэ, ГИА-мкІэ къахьыф баллхэм я бжыгъэр. АбыхэмкІи ди Іуэхуэр хъарзынэщ. Ди еджакІуэхэм куэду яхэтщ къэрал экзаменхэмкІэ балл 80-98-рэ къъзызыхьыфхэр.

ПхъэхъэнэщІэм къалэныщІэхэр къытхуэгъэуэр. Ди школыр дапщэщи хущІэкъунущ егъэджэныгъэм къыхьыхь мардэщІэхэр къиГъэсэбэпрэ щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ, къызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэ щІэблэфІ зэригъэсэным.

ШЫБЗЫХЪУЭ Иннэ,
Нартхьалэ дэт курыт школ №2-м и унафэщІ.

Гъуэгуанэ купщІафІэ

ГуфІэгъуэр щекІуэкІым.

1946 гъэм и фокІадэ мазэрщ. Абы щыгъуэ школым и еланэ классхэм къащтащ сабии 105-рэ. Класс нэхъыжьхэми еджэныр къызыхъуэтыншэу щызэтраубгъэжыпащ. Классибл еджапІэ фІэкІа а зэманым зыдэмыта Псыкуэд, Шэрэдж Ищхъэрэ, Чёрнэ Речкэ, Мэрзэхъу жылэхэм къикІыурэ Къэхъун школым курыт щІэныгъэ щызыгъэгъуэтырт абыхэм къикІ ныбжьыщІэхэми.

1987 гъэм ар ягъэІэпэхъуащ къатитІу зэтет, еджакІуэ 784-м тещІыхьа унэщІэм. Актовэ, спорт пэшышхуэхэр зыхэт, сабии 120-рэ зэуэ щыбгъэтІыс хъуну шхапІэшхуэ, библиотекэ, предмет зэмылІэужьыгъуэхэр нэхъ кууУ щаджьнпэш хэха 11-рэ класс 19-рэ зиІэ еджапІэр зыхуей-зыхуэфІ куэдкІэ къызэгъэпэщат. Лъэхъэнэм ижь зыщІихуауэ демократиер щытепщэ хъу школыщІэм и унафэщІу егъэджакІуэхэм я зэхуэсым щыхахат математик щІалэ жьыджэр Гулэжьн Хьэзрат. Абы и нэІэм щІэту гупыр, сыт хуэдэ лъэхъэнэми хуэдэу, адэкІи хущІэкъущ лъэпкъыр зэрыгушхуэн, абы хуэфащэ щІэблэ зэригъэсэным, ныбжьыщІэхэм щІэныгъэфІ зэраритным.

Школым щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр илъэс зэхуэмыдэхэм яунэтІащ а Іэнатіэм фІыщІэ куэд къыщыщылэжьажьэу Нэгъуд Хьэсэн, Пщыбыхь Хьэжумар, Хъуэст Хьэжчэл, Джатокъуэ Юрэ, Къуэкъуей Руслан, Гъащтэ Оксанэ, нэгъуэщІхэми. Мы зэманым школым и унафэщІщ егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэ икІи лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэзэ ХьэхъупащІэ Іэмин.

- КъыщІэхъуэ щІэблэм иІэ зэфІэкІым, бгъэдэль щІэныгъэм къэралым и къэкІуэнур щелъытакІэ, а Іуэхуэм нэхъыщхьэ дыдэу хэт егъэджакІуэм и пщэм къыдэхуэ къалэныр зэрыиныр гурыІуэгъуэщ, - жеІэ ХьэхъупащІэм. - Сабийр екІуу бгъэсэныр, абы и псэр щІэныгъэм хуэбгъэушынырщ, къыдэпхьэхыныр икІи бгъалигъ ГащІэм хуэбгъэхьэзырыныр жэуаплныныгъэ зыпылъ лэжьыгъэ гугъущ. Лъэпкъым, къэралым я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а къалэнхэм дызэрехьылІэным яужь дитщ сызипашэ школым и лэжьакІуэ псори. Нобэ еджапІэм къыпэщылъ къалэнхэм зашэщІащ, зауБгъуащ. Ахэр епхащ ГащІэм и зыужьыкІэмрэ бэкъуэкІэмрэ. Хэхъащ иджырей школым жылагъуэм щиІэ мыхьэнэми щигъэзащІэ къалэнхэми. ЕгъэджакІуэм сабийр щІэныгъэ ГъуэГум тришэ къудейкъым, атІэ икІи егъаесэ, ГащІэм хуеущий, абы и адэ-анэм хуэдэу. ФІыщІэ ин яхудощ ди школым зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм зи гуащІэ куэд езыыхьэлІа егъэджэныгъэм и ветеранхэм. Абыхэм яхуэфащэ дыдэщ нобэ ди жьантІэм дэсыну.

Іэгуауэшхуэм щІэту утыкум къэрашащ жылэм и щІэблэм щІэныгъэ кууР гъэсэныгъэ екІуРэ бгъэдэлъхьэу, зи зэфІэкІрэ къарурэ щымысхьу абы телэжьа егъэджакІуэ-ветеранхэр. Апхуэдэхэт школым и унафэщІу илъэс куэдкІэ лажьа Джатокъуэ Юрэ, пэщІэдзэ классхэр езыгъэджа Тхьэзэпльэ Луизэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджа Беловаловэ Валентинэ, нэгъуэщІхэри.

МахуэшхуэмкІэ еджапІэм ехьэхъуащ Щоджэн Риммэ, Жэрыщты Олег, Къандэхъу Леонид, а школыр хъэзыуха, иджы хьэрычэтыщІэ Блануэ СультІан, «Лэгъупыкъу» сабий творчествэмкІэ центрым и унафэщІ Къардэн Равидэ, школым и унафэщІу щытахэу Джатокъуэ Юрэрэ Къуэкъуей Руслан, жылэм дэт курыт еджапІэ №2-м и пашэ Джатокъуэ Хьэуелэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм къыхагъэщащ школым и егъэджакІуэхэри абыхэм я гъэсэнхэри районпсо, республикэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм жыджэру зэрыхэтыр. Апхуэдэу УФ-м и Президентым къыхилъхьа «Егъэджэныгъэ» проектым ипкъ иткІэ екІуэкІа къэралпсо зэпеуэм хэта, школым и лэжьакІуэхэу Сэншокъуэ Сэйихьэт, Кыржын Мурзият сымэ абы щытекІуащ, «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» щІэ лъапІэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ къыхагъэфащэу. Еджапіэм и куэдщ уэзрыгушхуэ хъуну ныбжьыщІэхэри.

Еджэным пыща Іуэхухэм къадэкІуэу, къытщІэхъуэ щІэблэр лЫгъэм, хахуагъэм я щапхъэхэм щІэпІыкІыным, лъэпкъым и цІыху пажэхэр я гъащІэ гъуаззу, хэкупсэу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ щрат Къэхъун жылэм дэт курыт школ №91-м. Гъэсэныгъэ лажьыгъэм и Іэмалыфіхэм ящыщ а Іуэху бгъэдыхьэкІэм щыхьэт техъуэ зэхьыхь гуапэ куэд къыщызэрагъэпэщ еджапІэм. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, 115-нэ щуудэзм хэта къэхъундэсхэм я щІыхьКІэ абы къыщыщзэІуаха фэеплъыр, щыхаса жьыг хадэр.

ГуфІэгъуэ зэхуэсыр я уэрэдэмрэ къафхэмкІэ яГъэдэхащ республикэм и уэрэджьыІакІуэ цІэрыІуэ Къул ФатІимэ, къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и унафэщІ Къандэхъу Чэмал, школым и гъэсэнхэу ХьэхъупащІэхэ Зауррэ Милан сымэ.

- Къэралыр псэуКІэщІэм щыхуэкІуэ, пЪэпощхьэпохэр щыкуэд эман гуГэри, зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэри зыльэгъуа ди школым абы лъандэрэ егъэджакІуэ хуэди унафэщІ зыбжани зэрихъуэкІащ. Ауэ ар дапщэщи хущІокъу и кІалэн нэхъыщхьэр - щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныр - къызыхуэтыншэу зэрригъэззэщІэным, - къыщыхигъащащ и кІэух псалъэм ХьэхъупащІэ Іэмин. - Школым и илъэси 100-м узынщэу, екъулІэныгъэщІэхэр, текІуэныгъэщІэхэр диІэу нэсын Тхъэм дищІ.

Зи илъэс 90 юбилейр зыгъэлъапІэ курыт школым екъулІэныгъэщІэхэр иджыри зыІэригъэхьэну ди гуапэщ. ЩІэблэм я гъэугъэлъагъуэу, унэтІакІуэу щыт егъэджакІуэхэми абыхэм я унафэщІми я пщІэм хэхъуэ зэпыту щрырет.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Школ хъыбархэр

Республикэм щытокІуэ

ХъэтІохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школ №3-р щытекІуащ «Школ шхапІэ нэхъыфІ» республикэ зэпеуэм.

ІЫХЬИТІУ зэщхьэщыхауэ екІуэкІа зэпеуэм хэта школ шхапІэхэм я зэпэщыкІэ я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуащ районхэм. Абыхэм утыку къыщрахьащ школакІуэхэм ирагъэшх хабзэ ерыскъыхэр. Абыхэм щылажьэ пщафІэхэр зэпеуащ я Іэщіагъэм и щахуэм зэрыщыгъуаззмкІэ. Абыхэм ягъэхьэзыращ школ шхапІэхэм щапщэфІхэм ящыщхэр.

Нэхъыфіу къалъытахэр щызэпеуэжьыт, псом нэхъ-рэ нэхъ зэпэщ школ шхапІэу, кьинэмыщІауэ, нэхъ пщафІэ ІкІуэльакІуэ зиІэу къалъытар ХьэтІохъущыкъуей дэт курыт школ №3-м ейхэращ. Школ пщафІэ нэхъыфІ хъуащ Іэпщэ Амирэ. Абы игъэхьэзыра ерыскъыхэр куэдым гунэс ящыхъуащ.

ШколакІуэхэр ерыскъы пщтыркІэ тэмэму къызэгъэпэщыным хуэгъэпса зэпеуэм мыхьэнэшхуэ иІащ а унэтІныныгъэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщІыным.

ТАМБИЙ Линэ.

● Зэпеуэр

Шыбзыхъуэ Марьянэ и зэфІэкІ

Иджыблагъэ Налшык щекІуэкІащ «ХХІ лІэщІыгъуэм и пашэ» урысей зэпеуэм и щІынальэ Іыхьэр. «ЩІалэгъуалэ, сабий жыларуэр зэгурыкІонныгъэхэм я унафэщІ» унэтІныныгъэм щытекІуащ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм дэт курыт школ №2-м и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Шыбзыхъуэ Марьянэ.

АБЫ къэпщытакІуэхэм я пащхьэ ирилъхьа «Дзэхэкупсэ гъэсэныгъэр - лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ Іэмалщ» проектыр жюрим хэтхэм яГу ирихьащ. Абы къыщыГъэльэГуат ныбжьыщІэхэм ядегъэкІуэкІыпхъэ хэкупсэ гъэсэныгъэм къызэщІиубыдэ Іуэхугъуэхэр, къалэн нэхъыщхьэу абы хэлъыр. Къинэмыщ1ауэ, Марьянэ зэрыжиІэмкІэ, проектым хэлъ хьэлэмэтагъэхэм ящыщщ хэкупсэ лэжьыгъэхэм я нэхъыбапІэр школым мыхьэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм зэрыщегъэкІуэкІыпхъэщ. Абыкіэ щІэгъэкъуэн пщІы хьунущ ДОСААФ-м, МВД-м я щІыналъэ къудамэхэр. Абыхэм я Іуэхущапіэхэм къыщызэбгъэпэщ хуунущ зэпеуэхэр, еплъыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, лЫгъэм и дерсхэр, нэгъуэщІ зэІущІэхэри.

Шыбзыхъуэр хэтыбущ зэпеуэм и федеральнэ Іыхьэм. Ар дыгъэгъазэм екІуэкІынущ. ЗэфІэкІ лъагэр зыбгъэдэлъ лажьакІуэм дохъуэху абыи текІуэныгъэ къыщихьыну.

КЪАРДЭН Ритэ.

Гъэсэныгъэ мыхьэнэи зиІэ

Дыгулыбгъуей къуажэм дэт 7-нэ курыт еджапІэм и ныбжьыщІэ цІыкІухэр Шэшэн Республикэм и къалащхьэ Грознэм дыщыхьэщІащ иджыблагъэ. ЦІыкІухэм ди гъусащ еджапІэм и унафэщІ Багъэтыр Тимборэ, егъэджакІуэ Аруан Равидэ, адэ-анэхэр.

ЯПЭ дыдэу дэ драшэлІащ «Сердце Чечни» жыхуиІэ мэжджытышхуэм. ИкъукІэ дахэу, уеблэмэ телъыдэжу жылІэ хьунущ дэ тлъэгъуар.

Адэкіэ гупыр паркым дащащ. Ар удз гъэгъакІэ егъэлеяуэ гъэнщІа паркышхуэщ. Абы щыкъудщ дизайн гупсысэ гъэщІэгъэнкІэ ягъэдэха щІыпІэхэр, цІыкІухэм папщІэ джэгупІэ хьэлэмэтхэр.

ДюПаркым дэ дыщыхуэзащ Грознэ кІалэм и еджакІуэ цІыкІухэм. Абыхэм дыщагъэгъуэзащ я щэнхабзэм, хабзэм щыщ гуэрхэм. ЦІыхугъэ къытхуэхъуахэм къыджаІэр тфІэгъэщІэгъуэну куэдрэ дадэуэрщэращ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ щыхьэм, сэлам зэтхыжакэщ икІи дэ а цІыкІухэр къедгъэблэгъащ ди еджапІэм, Бахъсэн кІалэм щауха паркыщІэм зыщагъэпсэхуну.

Дэ мыр ди ипэрей ежьэхъым, дыщыІащ Беслъэн кІалэм, Пятигорск, Москва, нэгъуэщІ куэдми. ДызэригугъэмкІэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэм я бзэр, я щэнхабзэр бджыныр сабэпышхуэщ, зэныбжьэгъуГъэрэбыдэныжмкІэ Іэмальфіщ. Дыхуейщ фІыщІэ яхуэтщІыну ди еджапІэм и унафэщІым, ди егъэджакІуэхэм.

ЖЭМЫРЗЭ Лянэ,
11-нэ класс.

Щтырыгъу зыкъуищIэкIми гъащIэм, УцIантхъуэу, уи гъуэгу утемыкI

Усэ тхыным дихьэх, абыкIэ зэчий зыбгъэдэлъ цIыхур сыт хуэдэ IэнатIэ бгъэдэмытми, зэман кьигъуэтынущ икIи и псэр темыпIэу елэжьынущ тхэным, а тхыгъэхэр и купщIэкIи и гупсысэкIи удахьэхьу дуней кьызэрытехьэным хущIэкъунущ. Псалъэр зыгъэIэрыщIэфым, ар зэхэщIыкIыгъуэу, фIэщхъуныгъэ хэлъу къэзыгъэсэбэлыфым сыт хуэдэ гупсысэри удихьэхьу, гумрэ псэмрэ дихьэху кьеIуэтэф. Апхуэдэ цIыхухэм ящыщу Вындыжь Марие зэхплъытэу щытмэ, щыуагъэ хъуну сэ кьысщыхъуркъым. Ар журналист Iэзэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэщ. Абы и нэтынхэр сыт щыгъуи купщIафIэщ, щIэблэр гъэсэныкмкIэ, щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ мыхьэнэ зи дыдэхэр яIэу апхуэдэщ.

И нур щIихъумэн лъумыгъэкI.
(«Си гъащIэ лъагъуэ»)

Нобэ хэкур зыгъэгъазэ щытыкIэ мыхъумыщIэхэр сэтей къэщIыным, ахэр ди лъэпкъ напэм кьызэремызэгъым, икIэщIыпIэкIэ ахэр гъэкIуэда зэхъуным сыт щыгъуи и нэIэ тетщ усакIуэм. Тогуэзвыхь ар фадэм, афияным кьишэ зэранигъэхэм, анэдэлъхубзэм хуащI гулъытэр мащIэ зэрыхъуам, игу ящIогъу сабий адэншэхэм, егъэпIейтей унагъуэ лъэпльэжьэм, ауэ щогугъ и усэбзэр щIэблэм я гущхьэм нэсыну, зэхахыну. Аращ абы мыпхуэдэу щIыжиIэри:

Хэку-анэ лъапIэу сызэрыгушхуэ.
Ди насыпыпсыр тхуэжэбзэжьыщ.
Iэмыр ищIынщи мы ди Тхьэшхуэм,
Адыгэ лъэпкъым зиIэтыжьыщ.
(«Хэку-анэ»)

Дэтхэнэ зы усакIуэми хуэдэу, Вындыжь Марие куэду иIащ Хэкум, лъахэм, щалъхуэ щыIанлъэм ятеуухуа усэхэр. «Си лъахэ», «Адыгэ пшынальэ», «Хэку-анэ» усэхэм щыдолъагъу хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр, псалъэ гъущэ кьудей мыхьуу, ар зэрыт щытыкIэ кьэлъэхьшам гурэ псэкIэ зэрыригузавэр. Апхуэдэу щытми, и лъахэр, и бзэр зэригъалъэпIэныр, абы и кьыщхьэщыжакIуэу зэрыщытыныр и усэхэм щегъэIу:

ЗгъэлъапIэр сытым щыгъуи си бзэрщ,
Пудыгъэ лъысу сымыдэн.

Дэтхэнэ зы адыгэми хуэдэу, ар щIохъуэпс хамэщI щыпсэу адыгэхэм я хэкужьыр ягъуэтыжыным. Адыгэ пшынальэр, лъэпкъыр зы хъужьму зыщыгугъыр цIыху псоми захригъэхыну хуейщ. А макъамэращ хэхъуэ кьыхуелIэжьыныр игъэпсынщIэну зыщыгугъри:

Адыгэу хъуар, зэхэлъхьи лIыгъэ,
КьытхуешэлIэж адэжь и жьэгу.
Адыгэ кьафэр фхуэтщIу тыгъэ,
Лъэпкъым тщIыжынт бжэIупэ джэгу.

Щ1ыуэпсыр хъумэным, абы и дахагъым хуэмыуса усакIуэ гъуэтыгъуейщ. Уеблэмэ кьыпщIыхъунри хэлъщ а темэм хужьIпIэни къэбгъэлъэгъуэни щумыгъуэтыжьну. Вындыжьым и усэхэм, абы хужаIахэм я фIыпIэр кьызэщIакъуэжри, езым и макъамэ дахэщи щIегъэувэжьыф. Псалъэм папщIэ, гъэщIагъуэныщIуу кьыхехьыф абы зэгъэпщыныгъэхэр. Марие и мызакъуэу, усакIуэ псоми куэду кьыщIадь я усыгъэхэм зэгъэпщынигъэхэр, абыхэм ди нэгу кьыщIагъэувэф щIыуэпсым и тепльэ дахащэр, абы щхьэхуимыту ди псэр хуеIэ ящIыф. Вындыжьым и зэгъэпщынигъэхэр адрейхэм я деж щыдмылъагъуэхщ, езым и псэм кьыдэуша, езым кьигъэщIыжахэщ. Апхуэдэхэщ:

Анэ быдзэныщэ зуэлIа сабийуэ,
Псы хуэлIэ щIылъэм и жьэр ущIат.
* * *
Аслъэн уIауэ, лъыпсыр кьыпоткIу.
* * *
Зи гъусэр къуршым щыкIуэда кьыууэ.
* * *
МэкъуауэлI щIыфэр, тIыгъуа балийуэ.

Апхуэдэ дыдэхэр яхужьIпIэ хъунущ олицетворенэхэми:

Бжьыхьэ дадэм, зэшу, папщэу,
Губгъуэ нэщIым зыщIеплъыхь.
* * *
Пшагъуэ нанэм жьыбгъэр щIэпщэу
Мес, къуэладжэм и щхьэр ехь.
* * *
Къуршыжь зэхуакуэхэм
Псышэ - пшэ фIыцIэр
Жьыбгъэр щIэрыIэу
кьыкъуилъэфащ.
* * *
Жыг тхьэмпэншэм я нэр плъызу,
Тес къуаргъыжьхэри нэщхьеящ.

А усэхэр рифмэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэхэм тету зэрыщытыр а псом хэплъхьэжмэ, усыгъэм и щIэщыгъуэ псори Вындыжьым къехъулIауэ жыпIэ хъунущ.

Сэ усэ сфIэфIщ. Зы усэ тхыльр дунейм кьытехьэху, ар хэт и Iадакъэщ1экIми, сыщыгуфIыкI. Гумрэ псэмрэ дихьэху, зэщIэжьыуэ, зэгъэкIуаэ, хэти щапхъэфIхэр къыхихыфыну тха усэхэм зэ седжэу лъэныкъуэ езгъэзэжьыркъым, кIэщI-кIэщIурэ кьытезгъэзэжурэ соджэ, седжэжьыу кьэси гу зыльызмыта гупсысэщIэхэр къыхэзгъуатэу, абы фIэщхъуныгъэ къысхилъхьэу апхуэдэщ. Вындыжьым и усэхэр абы и лъэныкъэкIэ къаруфIщ, щапхъэщ. И жьэм жиIэр и гум зэриплъыр нэрылъагъущ. И мурад дахэхэр гъэзэщIа мыхъу щIыкIэ зэманыр зэрепIэщIэкIыр, гъащIэм зэрыхэщIыр кьохьэлъэкI:

Зэману дахэ, сумыгъэпIащIэ,
TIэкIу зыпкIэрысщIэм,
кьысхуэгумащIэ.
* * *
Мы зэм си лъэIур уэ схуэгъэзащIэ,
СыхущIыхьакъым, сумыгъэпIащIэ.
* * *
Жьыгъэр си лъэмбым кьыумыгъэувэ,
* * *
ГъащIэ IэфыпIэр сфIумыгъэмащIэ.
TIэкIурэ зышыIэ, тIэкIу зыгъэгувэ.

Дэтхэнэ зы егъэджакIуэми сэбэп ин хуохъу Марие и усыгъэхэм. Сэ, псалъэм щхьэкIэ, сфIэфI дыдэщ и усэхэм бзэр зыгъэдахэ, кьулей зыщI Iэмалхэу метафорахэр, эпитетхэр, зэгъэпщынигъэхэр, псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр кьыщегъэльыхьуэн, рифмэ зэмылIэужьыгъуэхэм гу лъэзгъэтэн, ахэр сыт хуэдэми кьезгъэщIэн. Усэхэм кьыщыхьа псалъэухахэр, гъэсэныгъэ-ущиныгъэ ин зыхэлъхэр, кьыхыгоГъэтхыкI, зэпкърызогъэх. Абыхэм лэжьыгъэр щIэщыгъуэ ящI, еджакIуэхэм я бзэм зрегъэужь, поэтическэ бзэм и щхьэхуэныгъэхэм гу лърегъатэ.

Марие и гуфIэгъуэ пшыхь гуэрым мы псалъэхэмкIэ зыхуэзгъэзауэ сощIэж:

Зи лъэужьыр кьабзэ,
Зи Iэужьыр дахэ,
Зи чэнджэщхэр лъапIэ,
Зи гупсысэр куу,
Зи псалъэхэр щапхъэ,
УщиякIуэ Iущ.
Яхуэпсэу уэ цIыхухэм
Я гупсысэр пшэщIу,
Хьэл-щэн убгъэдэлъымкIэ
ШIалэгъуалэр бгъасэу.

Нобэ сытетщ а псалъэхэм. Си гуапэщ и мурадыфIхэмрэ зэфIэкIхэмрэ зэтехуэу Вындыжь Марие лъэпкъым куэдрэ тхуэпсэуну, тхуэлэжьэну.

ДЫЩЭКI Марие,
КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ.

ПIаз Хьэужэд Батыр и пхъур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм хэщIыныгъэшхэу игъуэтащ - 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м дунейм ехьжащ ПIаз Хьэужэд Батыр и пхъур.

Хьэужэд Батыр и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыщ Налшык (иджы Шэджэм) щынальэм хьихьэ Нартан къуажэм щыпсэу мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1922 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м кьыщалъхуащ. 1939 гъэм абы къиухащ Налшык къалэм ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэу щыIэ институтым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и курсхэр. Абы и ужькIэ Къэбэрдей кьэрал педагогикэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр заочнэу кьиуухащ.

Хьэужэд Батыр и пхъур Нартан къуажэм дэт курыт школ №1-м ильэс щы ныкъэкIэ щыIэжьащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм яригъэджу. ПIаз Хь. Б. егъэджакIуэу зэрылажьэм кьыдэкIуэу ильэс куэдкIэ жыджэру хэтащ жылагъуэ Iэзэхуэмэ. Кьуажэм щекIуэкI Iэзэхуэм жыджэру зэрыхэтым, и лэжьыгъэм кьыщихьа ехьулIэныгъэхэм папщIэ егъэджакIуэм 1946 гъэм кьыхуагъэсфащащ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхыльыр, 1977 гъэм «РСФСР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» дамыгъэр, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэманым хьэлэду зэрылажьам папщIэ» медалыр кьратащ а лъэхъэнэм и кьару емыблэжу зэрылажьам папщIэ, апхуэдэущ ежьхуагъэфащащ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм TекIуэныгъэ кьызэрыщытхьрэ ильэс 50 зэрырикъум и щIыхьхьIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм TекIуэныгъэ кьызэрыщытхьрэ ильэс 60 зэрырикъум и щIыхьхьIэ» медалхэри.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и министерствэр, Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэр, Нартан къуажэм дэт курыт школ №1-м и лэжьакIуэхэр Хьэужэд Батыр и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогугъэ.

КъБР-м и ЗАГС-м и Управленэмрэ абы и кьудамэхэмрэ я лэжьакIуэхэр Управленэм и унафэщI **ПIаз Юлие Темыркъан и пхъум** хуогугъэавэ абы и адэм и шыпхъу **ПIаз Хьэужэд Батыр и пхъур** дунейм зэрехьм кьыхэкIыу.

ГъащIэ узыншэм хуаущий

Балигъ мыхъуахэр афиян ефэхэм зыхамышэным, наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэм кьемыззгъыу игъэкIыным пыщIа щIэпхъаджагъэм щыхъумэным ехьэлIауэ Бахъсэн районым щрагъэкIуэкIащ «Урысейм и сабийхэр-2017» Iуэхум и етIуанэ Iыхьэр.

БАЛИГЪ мыхъуахэм я Iэхуэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ комиссэм и IэщагъэлIхэм, УФСИН-м Бахъсэн районыкIэ и Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм, опекэмрэ попечительствэмкIэ къудамэм и IэщагъэлIхэм кьапщытащ балигъ мыхъуа сабий зиIэ унагъуэхэр, УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям ипкъ иткIэ ямыгъэтIысу кьагъэна, суд зытращыхьа адэанэхэр щыпсэур.

Инспекцэм и лэжьакIуэхэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ хабзэм ебакъуэу наркотикхэкIхэр зыIэрыгъэхьэным, хъумэным, кьешэкIным, сыхьэзыырным папщIэ. Урысей Федерацэм и хабзэмкIэ яхь жэуапыр зыхуэдэм. ЗрагъэщIащ апхуэдэ унагъуэхэм щапI сабийхэм я псэукIэр зыхуэдэр. Школ кIуэгъуэ ныбжьым итхэр еджапIэхэм макIуэ, нэхъыщIэхэр сабий садхэм я гъэсэнхэщ, аращи, абыкIэ гукъеуэ щыIэкъым.

Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● БэнэкIэ хуит

Джэду Iэниуар Ираным и цIэкIэ утыку къохьэ

Дыгъэгъаззм и 7 - 8-хэм Тегеран щекIуэкIынущ бэнэкIэ хуитымкIэ клубхэм я лъэпкъ чемпионат. Абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ Джэду Iэниуар - абы Ираным и «Бимех Рази» клубым и щIыхьыр зэхьэзэхуэм щихъумэнущ.

ЧЕМПИОНАТЫР 2018 гъэм лэжьэн щIэзыдзэну хабзэщIэхэмкIэ екIуэкIынущ. ИлъэкIуэ къыщыщIэдзауэ абы нэхъапэм щымыIауэ хагъэхьэнущ килограмм 79-м нэблагъэ зи хьэлъагъэм я гупр.

«Иджыпсту си хьэлъагъир килограмм 82-м ноблагъэ икIи гупыщIэ зэрыхагъэхьэр си дежкIэ фIы дыдэщ», - жиIащ Джэду Iэниуар.

«Бимех Рази»-м хэту мэбанэ Олимп чемпион Ядани Хьэссэн, дунейпсо чемпион Ядани Резэ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм кьыщыхэжаныкIа Рахими Хьэсэнрэ Эсмаиллур Мэхьмудрэ. Iэниуар кьыщынэмыщIауэ, иран клубым ирагъэблагъащ олимп чемпион Садулаев Абдулрашидрэ дунейпсо чемпион Цаболов Хетикрэ.

Иран клубым хэту адыгэ щIалэр дунейпсо чемпионатым зэрыщыбгэнэнымкIэ Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ и командэ кьахэхам и тренерхэм ягурыIуащ. Иджырей зэхьэзэхуэр щытынущ Ярыгин Иван и цIэкIэ екIуэкI дунейпсо зэхьэзэхуэм Джэдум зэрызыхуигъэхьэзыр Iыхьэхэм ящыщ зыуэ.

Фигу къэдгъэкIыжьащи, 2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм бэнэкIэ хуитымкIэ зэхьэзэхуэм и финал зэIущIэм Джэду Iэниуар кьыщыпсыщIэтэуэ щытащ Ираным и бэнакIуэ Ядани Хьэсэн. Судьяхэм я унафэкIэ абы щыгъуэм текIуэныгъэр иран спортсменым иратами, Ядани и хэкуэгъуэхэм адыгэ щIалэр хуабжьу ягу ирихьащ икIи я щIыхьыр дунейпсо утыкум щихъумэну зыкъыхуагъэзащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Ищхъэрэри ипщэри и зэхуэдэу

● ГъэщIэгъуэнщ

УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ, азие гупэ леопардыр (щомыщ къуэлэныр) къегъэлIыным хуэгъэза программэр 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ Кавказым щагъэзащIэ. А Iуэхум ехьэлIауэ Сочэ и лъэпкъ паркым и щIыналъэм къыщыззрагъэпэщауэ щытащ леопардыр Кавказым щызэфIэгъэувэжьынымкIэ центр. Абы зоолог еджагъэшхуэхэм лэжьыгъэ щхьэпэ щрагъэкIуэкI щомыщ къуэлэныр гъэбзагъуэным, щIыуэпсым и зы Iыхьэу къэгъэунэхужьным хуэгъэзауэ.

КЪЫХЭГЪЭЩIЫПХЪЭЩ, кьаплъэ-аслъэн «джэду» лъэпкъыгъуэхэм ящыщ азие гупэ щомыщ къуэлэныр (леопардыр), «кавказ лIэужьыгъуэ» - «panthera pardus ciscaucasica» - фIэщыгъэр зытелукIар, лIэщIыгъуэ ипэкIэ Кавказ Ищхъэрэм и бгыпIэ-мэзылъэхэми щызеуэзу зэрыщытар.

А лъэхэзэм и тепльэгъуэхэм ящыщ зыуэ хьеIэкIа псэущхьэ тельыджэр кьыщагъэунэхужьным хьисэпыр яIэу, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Кавказ биосферэ мэзкъуэдым хуиту щызекIуэну хаутIыпщхьащ зи гугъу тщIы лъэпкъыгъуэм щыщу леопардищ: хьухэу Ахунрэ Тилрэ, анэу Викторие.

КилометрищэкIэ IукIуэта джэдуушхуэ

Иджыблагъэ хьыбар гъэщIэгъуэн къэIуащ: ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа леопардищым ящыщу зыр - Викторие анэр - Абхъазым и щIыналъэм хьихьэ Гудаутэ кьалэм километри 5-кIэ пэгъуэнгъу Лыхны къуажэм деж кьыщагъэутыжащ. А жьылэм дэсхэр зыкъомэ гугъу дехьа иужькIэ, зэхагъэкIащ щэкIуэгъуэ мазэр къызэрихьэрэ зы жащ къэмынэу я джэдхэр зыдыгъур Кавказ биосферэ мэзкъуэдым щылажьхэзэм гъэ дызэрытым и мэкъуаугъэуэ мазэм зи лъэужь яфIэкIуэдауэ щыта Викторие щомыщыр арауэ зэрыщытыр.

Кьуажэдэсхэм, я джэдкъазыр зыгъэкIуасэр хэтмисытми зэрызэхагъэкIыу, щыпсэу щыпIэм и хабзэхъумэным зыхуагъэзащ. Мыдрейхэми замыгъэгувэу абыкIэ хъыбар ирагъэщIащ Абхъаз Республикэм и унафэщIхэм. Иужьрейхэми, щомыщыр Кавказ биосферэ мэзкъуэдым и гъунапкъэм кьикIа Викториер арауэ щытынкIэ зэрыхъунур кьыщащIэм, УФ-м ЩIыуэпсым и хъугъэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и унафэщI Гудков Николай.

Щомыщ кьуэлэныр гъэбзагъэныжьмкIэ проектым мы зэманым йолэжь ЦIыхум и лъэр зэныжьмыхуса щIыпIэхэр кьыдэтегъэнэнымкIэ дунейпсо фондыр (WWF), Сочэ и лъэпкъ паркым, Кавказ биосферэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ мэзкъуэдыхэм я лэжьакIуэхэр, «Кавказым и щIыуэпсым хуэгъэпса центр» АНО-р, нэгъуэщIхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъым и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и «Вулкан» къудамэм и лэжьакIуэхэм «ЛIыгъэм и дерс» ирагъэкIуэкIащ Налшык къалэ дэт курыт школхэу №№13-м, 21-м я щIэныгъэхэм папщIэ.

ЗэIУЩIЭР щаублащ Iуэхущ1апIэм и пщIантIэм дэт фэеплъым, КъБР-м и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм хуагъэувам деж. УФСИН-м и унафэщIм и къуэдзэ, къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник Кьанкъул Аслъэн школакIуэхэм яхутепсэльыхьащ УИС-м и тхыдэм, щигъэгъуэзащ фэеплъыр зыхуагъэувахэм зэрахьа лIыгъэм. Урысей ФСИН-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIэтыхьэ хабзэм.

Ныбжьыщхэр «Вулкан» къудамэм и хэщIапIэмкIэ яшэри, спецназхэм я кьежьапIэмрэ зэфIах я кьалэныгъэ яхутепсэльыхьащ. ОСН-м и спорт пэтIэм и лэжьакIуэм щаублащ Iуэхущ1апIэм и пщIантIэм дэт фэеплъым, КъБР-м и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм хуагъэувам деж. УФСИН-м и унафэщIм и кьуэдзэ, къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник Кьанкъул Аслъэн школакIуэхэм яхутепсэльыхьащ УИС-м и тхыдэм, щигъэгъуэзащ фэеплъыр зыхуагъэувахэм зэрахьа лIыгъэм. Урысей ФСИН-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIэтыхьэ хабзэм.

Ныбжьыщхэр «Вулкан» къудамэм и хэщIапIэмкIэ яшэри, спецназхэм я кьежьапIэмрэ зэфIах я кьалэныгъэ яхутепсэльыхьащ. ОСН-м и спорт пэгъуэнгъу зыбжанэхэм тету зэрыщытыр а псом хэплъхьэжмэ, усыгъэм и щIэщыгъуэ псори Вындыжьым кьехъулIауэ жыпIэ хъунущ.

Сэ усэ сфIэфIщ. Зы усэ тхыльр дунейм кьытехьэху, ар хэт и Iадакъэщ1экIми, сыщыгуфIыкI. Гумрэ псэмрэ дихьэху, зэщIэжьыуэ, зэгъэкIуаэ, хэти щапхъэфIхэр къыхихыфыну тха усэхэм зэ седжэу лъэныкъуэ езгъэзэжьыркъым, кIэщI-кIэщIурэ кьытезгъэзэжурэ соджэ, седжэжьыу кьэси гу зыльызмыта гупсысэщIэхэр къыхэзгъуатэу, абы фIэщхъуныгъэ къысхилъхьэу апхуэдэщ. Вындыжьым и усэхэр абы и лъэныкъэкIэ къаруфIщ, щапхъэщ. И жьэм жиIэр и гум зэриплъыр нэрылъагъущ. И мурад дахэхэр гъэзэщIа мыхъу щIыкIэ зэманыр зэрепIэщIэкIыр, гъащIэм зэрыхэщIыр кьохьэлъэкI:

Зэману дахэ, сумыгъэпIащIэ,
TIэкIу зыпкIэрысщIэм,
кьысхуэгумащIэ.
* * *
Мы зэм си лъэIур уэ схуэгъэзащIэ,
Сыхущ1ыхьакъым, сумыгъэпIащIэ.
* * *
Жьыгъэр си лъэмбым кьыумыгъэувэ,
* * *
ГъащIэ Iэфыпl1эр сфIумыгъэмащIэ.
TIэкIурэ зышыIэ, тIэкIу зыгъэгувэ.

Дэтхэнэ зы егъэджакIуэми сэбэп ин хуохъу Марие и усыгъэхэм. Сэ, псалъэм щхьэкIэ, сфIэфI дыдэщ и усэхэм бзэр зыгъэдахэ, кьулей зыщI Iэмалхэу метафорахэр, эпитетхэр, зэгъэпщынигъэхэр, псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр кьыщегъэльыхьуэн, рифмэ зэмылIэужьыгъуэхэм гу лъэзгъэтэн, ахэр сыт хуэдэми кьезгъэщIэн. Усэхэм кьыщыхьа псалъэухахэр, гъэсэныгъэ-ущиныгъэ ин зыхэлъхэр, кьыхыгоГъэтхыкI, зэпкърызогъэх. Абыхэм лэжьыгъэр щIэщыгъуэ ящI, еджакIуэхэм я бзэм зрегъэужь, поэтическэ бзэм и щхьэхуэныгъэхэм гу лърегъатэ.

Марие и гуфIэгъуэ пшыхь гуэрым мы псалъэхэмкIэ зыхуэзгъэзауэ сощIэж:

Зи лъэужьыр кьабзэ,
Зи Iэужьыр дахэ,
Зи чэнджэщхэр лъапIэ,
Зи гупсысэр куу,
Зи псалъэхэр щапхъэ,
УщиякIуэ Iущ.
Яхуэпсэу уэ цIыхухэм
Я гупсысэр пшэщIу,
Хьэл-щэн убгъэдэлъымкIэ
ШIалэгъуалэр бгъасэу.

Нобэ сытетщ а псалъэхэм. Си гуапэщ и мурадыфIхэмрэ зэфIэкIхэмрэ зэтехуэу Вындыжь Марие лъэпкъым куэдрэ тхуэпсэуну, тхуэлэжьэну.

ДЫЩЭКI Марие,
КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ.

● ЩIэблэ

ЛIыгъэм и дерс

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфыцl1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIымыщI Изэ.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядлэжьэныбжьыкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактору* **Щомахуэ Залинэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1512